



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DMV REKIPERE PLIS PASE 300 VEYIKIL YO TE VÒLÈ, TIT AK SÈVIS VEYIKIL, KI VO 11 MILYON DOLA

303 veyikil yo vòlè yo rekipere an 2024 vo plis pase 8 milyon dola

DMV te ede konsomatè yo rekipere tit machin yo, reparasyon ak ranbousman ki vo plis pase 3 milyon dola

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta Nouyòk la te ede konsomatè yo rekipere plis pase 11 milyon dola nan veyikil yo vòlè, pyès yo vòlè, sèvis ak tit ki te pèdi yo, an 2024.

"Nouyòkè ki achte yon machin oswa ki gen youn yo repare, bezwen konnen Nouyòk ap defann yo epi pwoteje yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou travay avèk dilijans pou ede kliyan yo epi DMV travay avèk konsesyonè yo ak atelye reparasyon yo pou pote satisfaksyon pou konsomatè yo. Si pwoblèm yo pa ka rezoud, yo pran mezi aplikasyon lwa rapid."

Komisè DMV a, Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Nou fyè anpil nan ede kliyan yo lè yo bezwen èd, kit se jwenn yon tit nan men yon konsesyonè ki fè fayit, travay ak kliyan ak biznis otomobil pou rezoud pwoblèm ak yon travay reparasyon, oswa rekipere veyikil yo vòlè. Kliyan yo ta dwe konnen si yo bezwen asistans, yo gen zanmi nan DMV ki pral ede yo."

Ane pase a, DMV te rekipere 303 machin yo vòlè — ki gen yon valè 8,353,334 dola nan moman vòl yo — ak 91,979 nan pyès yo vòlè. Kòm vòl veyikil yo rete yon pwoblèm kontinyèl atravè peyi a, DMV avèti konsomatè yo oktòb pase a sou danje ki genyen nan magouy lavant machin atravè sit entènèt tankou Facebook Marketplace, epi li te raple achtè machin yo ke yo dwe vijilan lè y ap achte yon machin sou entènèt.

Anplis rekiperasyon veyikil ak pyès yo vòlè yo, DMV te ede konsomatè yo rekipere tit machin yo, sèvis ak ranbousman ki vo plis pase 3 milyon dola nan men konsesyonè oto ak atelye reparasyon malonèt yo.

Aprè investigasyon plent konsomatè yo, DMV te pran mezi kont konsesyonè oto ak atelye reparasyon ki vann veyikil san yo pa divilge dofo enpòtan yo bay achtè a, pakse

yo chaje konsomatè yo pou reparasyon ki pa te janm fini, oswa ki chaje konsomatè yo pou reparasyon yo pa te bezwen. An total, 474 kliyan te benefisye efò sa yo epi yo te bay yo ranbousman oswa reparasyon veyikil ki te vo 1.48 milyon dola. Anplis de sa, DMV te ede achtè machin yo rekipere 67 tit pou machin ki te gen yon valè ki plis pase 1.56 milyon dola lè konsesyonè oto kote yo te achte yo te fèmen toudenkou oswa te kenbe tit la nan men pwopriyetè lejitim lan.

Yon sètifika tit pou yon veyikil se sa ki etabli yon moun oswa biznis kòm pwopriyetè legal la. San yon tit, yon pwopriyetè veyikil pa kapab transfere pwopriyete, retire yon privilèj oswa bay prèv pwopriyete nesèsè pou pran yon prè sou veyikil la oswa depoze yon reklamasyon asirans.

Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare, "Vòl machin ak vant oto ki gen fwod kontinye gen enpak sou Nouyòkè k ap travay di yo, epi li esansyèl pou nou pran mezi solid pou pwoteje konsomatè yo. Efò DMV pou rekipere machin yo vòlè, anpeche eskrokri ak rann biznis malonèt responsab, se etap enpòtan pou asire jistis ak sekirite pou tout pwopriyetè veyikil yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul ak DMV pou angajman yo pran nan konbat vòl veyikil ak fwod, epi mwen rete angaje nan sipòte inisyativ ki amelyore pwoteksyon konsomatè yo epi kenbe kominote nou yo an sekirite."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Pou anpil Nouyòkè, yon machin se yon liy sovtaj ki ede ak aktivite chak jou yo tankou vwayaje pou ale travay, mennen timoun yo ale lekòl oswa nan antredman, ak jere komisyon tankou fè makèt. Lè yo vòlè veyikil yon moun, li deranje tout woutin yo, sa ki fè menm travay ki pi senp yo vin yon defi. Se poutèt sa li enpòtan pou rekonèt efò louwab Depatman Veyikil a Motè Eta Nouyòk te fè pou rekipere plizyè santèn veyikil yo vòlè ane pase. Lè nou sipòte efò sa yo, nou ka asire yon anviwonman ki pi an sekirite pou tout moun ak lapè, paske nou konnen DMV ap veye pou nou."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Vòl machin ak vant oto ki gen fwod kontinye gen enpak sou Nouyòkè k ap travay di yo, epi li esansyèl pou nou pran mezi solid pou pwoteje konsomatè yo. Efò DMV pou rekipere machin yo vòlè, anpeche eskrokri ak rann biznis malonèt responsab se etap enpòtan pou asire jistis ak sekirite pou tout pwopriyetè veyikil yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul ak DMV pou angajman yo pran nan konbat vòl veyikil ak fwod, epi mwen rete angaje nan sipòte inisyativ ki amelyore pwoteksyon konsomatè yo epi kenbe kominote nou yo an sekirite."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Pwoteje konsomatè yo se yon eleman ki enpòtan nan anpil sèvis DMV bay yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li nan bay resous pou lite kont vòl machin yo epi pou ede Nouyòkè yo rekipere pwopriyete yo vòlè yo. Envestisman sa yo ap pote fwi epi y ap bay pwoteksyon Nouyòkè yo merite."

Pandan ke y ap dirije pifò biznis yo yon fason pwofesyonèl ak responsab, kliyan ki kwè yo te fè fas ak chaj enjis oswa travay medyòk ka depoze yon plent kont yon biznis DMV reglemante sou sit entènèt DMV la. DMV ap ede tou biznis yo ak ofri enfòmasyon sou

dwa yo si yo fè fas ak yon plent nan Gid pou Etablisman nou an. DMV bay gid tou lè w ap mennen yon veyikil pou fè reparasyon.

DMV ankouraje kliyan yo fè biznis sèlman ak yon garaj reparasyon ki anrejistre. Konsomatè yo ta dwe chèche yon pankat vèt ak blan ki di "Registered State of New York Motor Vehicle Repair Shop" (Garaj Reparasyon Veyikil a Motè Ki Anrejistre nan Eta New York) deyò garaj la, ak yon sètifika anrejistreman pa andedan ki valid ki soti nan Depatman Veyikil a Motè Eta Nouyòk.

Yon gid sou entènèt pou jwenn yon biznis ki reglemante pa DMV disponib sou sit entènèt ajans lan.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)